



## Aprann ti konsèy la

1. **Kreye plato ou.** Kreye yon griy kote chak kare gen yon defi lekti diferan. Sa kapab genyen espas pou li, tan ak kalite liv.
2. **Chwazi peryòd tan an.** Selon laj pitit ou, ou ka vle chwazi yon defi pa jou oswa kantite pitit ou ta renmen.
3. **Chwazi yon rekonpans.** Pitit ou kapab travay pou ranpli yon ranje alafwa oswa li kapab chwazi yon plato konplè ki “kouvri” pou li resevwa yon pi gwo pitza.

### Pou kisa ti konsèy sa a?

BINGO Lekti ankouraje timoun yo pou yo eseye defi lekti ki diferan ak amizan. Pitit ou pral vin eksite pou jwenn yon BINGO! Li ta ka menm jwenn nouvo liv li renmen.



## Mande pitit ou

*Pou timoun ki pi jèn yo:*

- Èske ou ta renmen li yon liv deyò jodi a oswa andedan yon fò ki kouvri avèk dra?
- Èske ou ta renmen li yon liv pou yon zanmi/manm fanmi ou jodi a?
- Konbyen lòt kare ki rete jiskaske ou reyalize yon BINGO?

*Pou pi gran timoun yo:*

- Èske ou pral li fantezi oswa powezi jodi a?
- Èske ou pral grifonnen kesyon yo pandan w ap li jodi a oswa note mo ou pa abitye wè yo?
- Ki defi ou te chwazi pou pran jodi a?



## Pratike avèk kè kontan: BINGO avèk

Jwèt sa a se yon jwèt ki amizan ak fasil pou fè tout moun ki nan fanmi an reflechi sou fason pou yo montre jantiyès yo youn pou lòt ak pou kominote a.

1. Kreye/ranpli yon plato BINGO ki gen aktivite jantiyès senp tankou “bay yon moun yon konpliman” oswa “fè yon kat pou yon zanmi.”
2. Mande pitit ou ki aktivite nan plato a li ta renmen eseye nan jou sa a.
3. Apre aktivite travay la fini, pale sou fason li te pase pandan w ap pase kwa nan kare a. Ale pou yon “blakawout” plato konplè epi rekonpanse tèt ou avèk yon moman amizan fanmi!

